

SS.7.C.1.7

Dekri kouman Konstitisyon an limite Pouvw a gouvènman an nan separasyon pouvw e kontròl ak balans.

Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.

SS.7.C.1.7 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap dekri e distenge ant konsèp separasyon pouvw e kontròl ak balans.

Ekriven Konstitisyon Etazini an, yo rekonèt yo kòm otè, ki te pwoteje Ameriken kont abi gouvènman an sou pouvw. Pou yo mete limit sou pouvw a, otè yo te divize gouvènman federal la an twa branch. **Separasyon pouvw sa a** mete sou pye twa branch avèk pwòp pouvw li ak responsablite li yo. Fransè Syèk Limyè Pansè Baron de Montesquieu te enfluyans sa, otè yo te kwè ke pou pwoteje libète pèp la, chak branch tap gen diferan travay. Separasyon pouvw sa a tap limite kapasite nenpòt ki branch pou resevwa twòp pouvw.

Yo te mete sistèm sa a an plas pou limite otorite gouvènman an. Sepandan, otè yo te ankò pè pou yon branch nan gouvènman an, ta kapab gen plis pouvw pase lòt de yo. Pou rasire ke okenn nan twa branch yo ta devni twò pwisan, yo te etabli **kontwòl ak balans yo**. Prensip kontwòl ak balans yo pèmèt ke chak branch nan gouvènman an, limite pouvw lòt branch yo.

kontwòl ak balans - yon prensip nan gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an limite pouvw lòt branch yo

separasyon pouvw - estrikti gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki mete anplas twa branch avèk pwòp pouvw distenk yo ak responsablite yo

Sous:

Quigley, C., & Rodriguez, K. *We the People: The Citizen and the Constitution*. Calabasas, CA: Center for Civic Education, 2007. Print.